

Sondaj Kominotè sou Ekite nan Sante 2026: Pwen kle pou kominike

Anba a gen pwèn kle pou kominike, ak plis detay nan pwèn ki anba yo. Sèvi ak pwèn sa yo nan materyèl, sou rezo sosyal, nan reyinyon ak nan konvèsasyon endividyèl ou ka genyen ak manm kominote a. Chwazi oswa adapte pwèn yo pou yo pi efikas pou rive jwenn kominote w la.

Toupatou nan Massachusetts, yo pran desizyon chak jou sou bezwen, priyorite, solisyon ak resous kominote yo. Eksperyans ou ta dwe ede fòme desizyon sa yo.

- Se ou menm ki pi byen konnen sa ki fè kominote w la an sante. Lè w pran sondaj la, w ap pataje valè w, bezwen w ak espwa w pou lavni.
- Apati eksperyans manm kominote yo, done sondaj la ede òganizasyon lokal yo defann politik ki ekitab, aplike pou finansman pou satisfè bezwen lokal yo, epi adapte pwogram yo pou sèvi kominote yo pi byen. Nan nivo eta a, done sondaj la ede mezire bezwen sante ak bezwen sosyal ki diferan selon kominote yo, idantifye opòtinite pou redui inegalite yo, epi bay priyorite nan fason yo distribye resous yo.

Sondaj Kominotè sou Ekite nan Sante a mete an valè gwoup ki souvan pa reprezante ase nan domèn enpòtan, tankou nan done sou sante ak byennèt yo. Lè w pran sondaj la, ou ajoute eksperyans ak konesans pa w epi ou ede asire kominote w la reprezante.

N ap fè fas ak nouvo kalite menas pou sante ak sekirite kominote ki, depi lontan, pa t jwenn menm chans pou yo an sante. Kounye a, plis pase nenpòt lòt lè, nou bezwen done ki konsantre sou ekite, tankou done CHEI yo.

- Massachusetts ap travay pou asire kominote ki te mal reprezante oswa envizib nan done ak nan pran desizyon yo gen yon vwa, sitou nan kontèks aktyèl la.
- Li enpòtan pou dokimante eksperyans yo ak enpak politik ak aksyon aktyèl yo sou kominote ki plis an danje yo.

CHEI konprann anviwònman kote n ap viv ak travay la, ansanm ak enkyetid ak laperèz moun ap viv chak jou.

- Patisipasyon nan Sondaj Kominotè sou Ekite nan Sante a volontè epi li konplètman anonim. Sondaj la pa mande okenn enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye w, tankou non, nimewo telefòn oswa imèl. Ou ka sote nenpòt kesyon.
- Tout repons ak done sondaj la anonim; lè yo pataje done yo, yo konbine yo ak lòt repons (yo gwoupe ansanm).